# NASIRUDDIN RABǴUZIYDIŃ «QISSASI RABǴUZIY» SHIǴARMASINIŃ IDEYA-TEMATIKALIQ ÓZGESHELIKLERI

**Kurtklicheva Sabrona**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*
*Qaraqalpaq filologiyası hám jurnalistika fakulteti 3- kurs student*

**Annotaciya** Bul maqalada Nasiruddin Rabǵuziydiń «Qissasi Rabǵuziy» shıǵarmasınıń ideya-tematikalıq ózgeshelikleri qarastırıladı. Shıǵarma orta ásir túrkiy xalıqlar ádebiyatınıń bahalı jazba estelikleriniń biri bolıp, onda adamgershilik, iman, sabır, ádillik hám mehir-shapaqat ideyaları keń sáwlelenedi. Maqalada shıǵarmanıń mazmunı, obrazlar sisteması hám kompoziciyalıq qurılısı materiallar tiykarında talqılanadı. Payǵambarlar qıssaları arqalı jaqsılıq, tuwrılıq, miynetkeshlik hám ruwxıy jetilisiw máseleleri ashıp beriledi. Shıǵarmada xalıq awızeki dóretiwshiligi, ańız hám ráwiyat elementleriniń kórkem qollanılıwı onıń ózine tánlıq belgisi ekenligi aytıladı.

**Tayanısh sózler:** Nasiruddin Rabǵuziy, «Qissasi Rabǵuziy», ideya, tema, obraz, kompoziciya, qıssa, payǵambarlar, adamgershilik.

**Annatation** This article examines the ideological and thematic features of Nasiruddin Rabguzi’s work “Qissasi Rabguzi.” The work is one of the valuable written monuments of medieval Turkic literature and reflects the ideas of humanity, faith, patience, justice, and mercy. Based on the materials of the course paper, the article analyzes the content of the work, its system of characters, and its compositional structure. Through stories about prophets, the issues of goodness, justice, diligence, and spiritual development are revealed. Special attention is paid to the use of oral folk traditions, legends, and narratives, which give the work its distinctive artistic character.

**Keywords:** Nasiruddin Rabguzi, “Qissasi Rabguzi,” idea, theme, character, composition, prophets, humanity, spiritual values.

Nasiruddin Rabǵuziydiń «Qissasi Rabǵuziy» shıǵarması orta ásir túrkiy ádebiyatınıń bahalı estelikleriniń biri bolıp tabıladı. [1] Bul dóretpeniń ideya-tematikası, janrlıq ózgesheligi, obrazlar sisteması hám kompoziciyalıq qurılısı tiykarǵı izertlew baǵdarları retinde belgilenedi. [2] Ata-babalarımızdan jetip kelgen jazba esteliklerdi úyreniw, olardıń ádebiy hám ruwxıy qımbatın ashıp beriw búgingi kúnde de aktual máselelerdiń biri bolıp qalmaqta. [3] «Qissasi Rabǵuziy» usınday esteliklerdiń qatarında túrkiy xalıqlardıń ortaq ádebiy miyrası retinde ayrıqsha orın iyeleydi. Shıǵarmada islamlıq diniy-aǵartıwshılıq qádiriyatlar túrkiy xalıqlarǵa ortaq ádebiy til arqalı jetkiziledi. [4] Sol menen birge onda túrkiy tillerdiń oǵuz-qıpshaq hám oǵuz-qarluq toparlarına tán fonetikalıq, leksikalıq hám morfologiyalıq ózgeshelikler

sáwlelenedi. Bul qásiyetler dóretpeniń tek ádebiy emes, lingvistikalıq jaqtan da qımbatlı ekenligin kórsetedi.

Nasritdin Rabatiy Burhanatdin Rabǵuziy orta ásir túrkiy xalıqlar ádebiyatınıń kórnekli wákilleriniń biri retinde bahalanadı. Ol Xorezm hám Qaraqalpaq eli aymaqlarındaǵı kórkem ádebiyatta avtorlıq prozanıń rawajlanıwına úles qosqan sóz sheberi retinde súwretlenedi. «Rabǵuziy» atawı onıń tuwılıp-ósken yaki dóretiwshilik etken aymaǵı menen baylanıslı dep túsindiriledi. [5]

Rabǵuziydiń qashan tuwılıp, qashan qaytıs bolǵanı haqqında anıq maǵlıwmatlardıń tolıq saqlanbaǵanı aytıladı. Ayrım dereklerde onı XIV ásirdiń ortalarında ómir súrgen dep kórsetse, basqa dereklerde XIII ásirge tiyisli ekenligi aytıladı. Biraq «Qissasi Rabǵuziy» shıǵarmasınıń hijriy 709–710-jıllarda, yaǵnıy 1309–1310-jıllarda Toqbuǵanıń iltimasına bola jazılıp pitkerilgeni avtordıń dóretiwshilik dáwirin belgilewde tiykarǵı derek bolıp xızmet etedi.

Rabǵuziy tek diniy bilimler iyesi emes, bálki óz dáwiriniń joqarı mánawiyatlı ziyalısı hám qazısı sıpatında túrkiy tildiń kórkemlik imkaniyatların keńeytken. Onıń eń bahalı dóretpesi bolǵan «Qissasi Rabǵuziy» payǵambarlar haqqındaǵı qıssalar, ápsana hám ráwiyatlardı túrkiy xalıqlardıń dúnya tanımına jaqınlastırıp qayta islewi menen ayrıqsha qımbatqa iye. [6] «Qissasi Rabǵuziy» shıǵarmasınıń tiykarǵı mazmunın payǵambarlar turmısı hám olar menen baylanıslı qıssalar quraydı. Biraq dóretpe sap diniy mazmundaǵı qıssalar jiynaǵı menen sheklenbeydi. Onda insannıń turmısı, minezi, jaqsılıq penen jamanlıq, iman hám sabır, ádillik hám nadanlıq sıyaqlı ulıwma ınsaniy máseleler kórkem túrde ashıp beriledi.

Tematik hám ideyalıq analiz metodı arqalı shıǵarmadaǵı tiykarǵı temalar – payǵambarlar tariyxı, axlaqıy túsinikler, sabır hám iman máseleleri úyrenilgeni aytıladı. Shıǵarmada jaqsılıq, tuwrılıq hám ádillik ulıǵlanıp, jamanlıq, zulım, nadanlıq hám adamgershilikke jat qásiyetler qaralanadı.

Sulayman obrazına ayrıqsha itibar beriledi. Sulayman hám patsha, hám payǵambar retinde súwretlenedi. Onıń hámirine ruwxıy kúshlerdiń boysınıwı, quslar hám basqa maqluqlar menen tillese alıwı qıssanıń fantastikalıq qásiyetin kúsheytedi. Biraq obrazdıń tiykarǵı ideyalıq maǵınası onıń xalıqqa bolǵan qamxorlıǵı menen baylanıslı. Shıǵarmadaǵı obrazlar tek payǵambarlar menen sheklenbeydi. [7] Ańızlıq hám fantastikalıq obrazlar, haywanlar hám ruwxıy kúshler de syujetke qızıqarlılıq beredi. Olar qıssalardıń kórkem dúnyasın bayıtıp, tiykarǵı ideyanıń tásirli jetkiziliwine xızmet etedi.

Payǵambarlar turmısın súwretlewden aldın olardıń sıpatları hám káramatları berilip, bunda saj usılı da qollanıladı. Kirisiw bóliminde payǵambarlar iskerligi ulıwma obzorlıq sıpatta qosıq formasında beriliwi janrlar aralıq baylanıstı kórsetedi. Avtor mazmundı hám kórkemlikti kúsheytiw ushın qara sóz, qosıq, qıssa, ráwiyat hám ańız elementlerin ózara uyǵınlastırǵan.

Shıǵarmada Quran hám basqa diniy kitaplardan, tariyxıy dóretpelerden hám túrli xalıqlardıń ańız hám ráwiyatlarınan kirgen syujetler bar. Biraq olar túrkiy epikalıq dástúr tásirinde jańa mánisi hám ózgeshelikke iye bolǵan. Mine, osı qásiyet «Qissasi Rabǵuziy» diń kórkem-estetikalıq qımbatın belgileydi.

«Qissasi Rabǵuziy» orta ásir túrkiy xalıqlarınıń ádebiy tariyxındaǵı eń áhmiyetli esteliklerdiń biri bolıp, onıń birneshe qoljazba nusqalarınıń saqlanıp qalıwı dóretpeniń keń tarqalǵanın hám qımbatlı ekenligin kórsetedi. XV ásirde kóshirilgen London Britaniya muzeyindegi, XVI ásirde kóshirilgen Sankt-Peterburg kitapxanasındaǵı hám Tashkenttegi Shıǵıstanıw institutı qoljazbalar fondındaǵı nusqalar haqqında maǵlıwmat beriledi.

Juwmaqlastırıp aytqanda, Nasiruddin Rabǵuziydiń «Qissasi Rabǵuziy» shıǵarması orta ásir túrkiy ádebiyatınıń bahalı jazba esteligi retinde ideya-tematikalıq hám kórkemlik qásiyetleri menen ayrıqsha orın iyeleydi. Maqalada shıǵarmanıń izertleniw jaǵdayı, mazmunı, obrazlar sisteması hám kompoziciyalıq qurılısı qarastırılǵan. Dóretpeniń tiykarǵı ideyası insanlardı jaqsılıqqa, imandı bolıwǵa, sabırlı hám ádil bolıwǵa shaqırıw menen baylanıslı. Payǵambarlar hám basqa obrazlar arqalı osı ideyalar kórkem ashıp beriledi. Avtor diniy syujetlerdi xalıq awızeki dóretiwshiligi, ańız hám ráwiyatlar menen uyǵınlastırıp, ózine tán kórkem dúnyanı jaratqan. «Qissasi Rabǵuziy»diń kompoziciyalıq qurılısı qıssalardıń ózara logikalıq hám ideyalıq baylanısına tiykarlanadı. Hár bir gúrriń óz aldına mazmunǵa iye bolǵanı menen, ol ulıwma dóretpeniń ideyasın toltıradı. Sol sebepli shıǵarma túrkiy xalıqlar ádebiyatı hám mádeniyati tariyxında qımbatlı ruwxıy miyras bolıp qala beredi.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR


1. Járimbetov Q “Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı” I bólim Tashkent 2021.
2. Járimbetov Q, Sagidullaeva J, «Ádebiyattanıw teoriyası», Nókis, 2018.
3. Тилеўниязова Г, «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында композицияллық излениcлер». Ташкент, «LESSON PRESS», 2022.
4. Эмет Қўрышжанов, "Ескі түркі жазба ескерткіштері" (2001) 156–170-b: "Рабғузи қиссаларының тілі"
**5.** Fozilov E. Rabg‘uziy va uning “Qissasi Rabg‘uziy” asari. 1-kitob, 1990.
6. Rabg‘uziy. Qissasi Rabg‘uziy. “Yozuvchi”, 1-2-kitob, T., 1990-1991
7. Járimbetov Q, Sagidullaeva J, «Ádebiyattanıw teoriyası», Nókis, 2018 8. Razzoqov H, Mirzaev T, Imomov K, Sobirov O. O‘zbek xalq og‘zaki poetik ijodi.-Toshkent:Óqituvchi,1980

**Internet saytları**

1.uz.wikipedia.org
2.ziyouz.com